No. of Printed Pages : **3**

**बी.बी.एच.एफ. - 001**

00445

# स्नातक उपाधि कार्यक्रम
# भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

## दिसम्बर, 2012

## Course Code : BBHF-001

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक :50*

***नोट :*** ***सभे** प्रश्नन के उत्तर देवे के बा।*

**1.** नीचे लिखल शब्दन के सही वर्तनी लिखीं । 5

(क) भासा (ख) अजोड़िया

(ग) अएनक (घ) आवतानीं

(ङ) लवकिक

**2.** भोजपुरी वर्तनी के तीन गो नियम लिखीं । 5

**3.** नीचे लिखल रचना के साथे ओकर लेखक से मिलान करीं। 5

| **रचना** | | **लेखक** | |
|---|---|---|---|
| (क) | गुरू दक्षिणा | (i) | विवेकी राय |
| (ख) | बिदेसिया | (ii) | हीरा डोम |
| (ग) | कच्चा गुलाब | (iii) | जगन्नाथ प्रसाद सिंह |
| (घ) | बिरजू के बियाह | (iv) | भिखारी ठाकुर |
| (ङ) | अछूत के शिकायत | (v) | महेन्द्र प्रसाद सिंह |

4. नीचे लिखल वाक्यन में से वाच्य के पहचान करीं । 5

(क) राम पढ़त बाड़न ।

(ख) ऊ जात बाड़ी ।

(ग) खाके अँचवल जाई ।

(घ) खेत जोतात बा ।

(ङ) सरकार अकुलाइल बिआ ।

5. 'रजाई' कहानी के प्रतिपाद्य पर एगो आलेख लिखीं । 7

6. भोजपुरी लोकगाथा पर एगो संक्षिप्त निबंध लिखीं । 5

7. नीचे लिखल कवितांश के सप्रसंग व्याख्या करीं। 7

तोर हीरा हिराइल बा किचड़े में ।
कोई ढूँढ़ै पूरब पच्छिम,
कोई ढूँढै पानी पथरे में ।
सुर ,नर,मुनि अरू पीर औलिया,
सब भूलत बाड़े नखरे में ।
दास कबीर ये हीरा को परखै,
बाँधि लिहलै जतन से अँचरे में ।।

8. नीचे लिखल में से कवनो एगो पर 300 शब्दन में लिखीं । 7

(क) कोड मिक्सिंग

(ख) भाव पल्लवन

(ग) भाषण शैली

9. नीचे लिखल विषयण में से कवनो एगो पर 150 शब्दन में टिप्पणी लिखीं । **4**

(क) समाचार लेखन

(ख) भोजपुरी सिनेमा

(ग) कजरी

---